



ANDREW M. CUOMO
Gouvènè

RICHARD A. BALL
Komisè

Enstwiksyon Pwovizwa pou Òtikilti

16 me 2020

Yo pase enstwiksyon sa a pou operasyon tèren endistriyèl, pèpinyè, fèm gazon, plantè pye bwa ak jadinne yo.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te anonse Dekrè Egzetitif "PAUSE" la, yon politik ki gen 10 pwen pou asire sekirite konstan an repons a eta ijans sante piblik pou COVID-19 la. Li te gen ladan yon enstwiksyon pou mande tout biznis ki pa esansyèl atravè eta a pou yo fèmen fonksyon pèsonèl an pèsòn yo kòmanse apati 8:00 PM nan dimanch 22 mas 2020. Biznis ki esansyèl yo te egzan de fèmti yo konfòmman a Dekrè Egzekitif 202.6.

Yon reyouvèti an plizyè faz, san gwo danje, pou biznis ki pa esansyèl yo te kòmanse nan dat 15 me 2020. Akoz nati espas lib oswa ekstèn yo, yo te detèmine ke endistri òtikilti ak peyizaj yo kòm posib epi konsistan ak kondisyon yo mansyone yo. Endistri sa yo dwe adere a tout lis enstwiksyon sou distans sosyal, netwayaj ak asenisman yo.

Operasyon Òtikilti yo

Nan kad enstwiksyon sa a, aktivite òtikilti yo gen pami yo pwodiksyon, deplasman, mentnans ak lavant plant legim yo, estòk pepinyè yo, pye bwa yo, gazon, plant ak flè nan tèren endistriyèl yo ak operasyon pepinyè yo ak fèm gazon yo, ak biznis agrikòl yo (pa egzanp, jesyon bèt nwizib, move zèb, dlo ak nitriyan yo) ki sipòte operasyon yo.

Pwosedè Fonksyonman yo Egzije yo

- Kenbe yon distans sosyal omwen sis pye ant moun yo. Pa dwe gen okenn zòn pou rasanbleman masif yo. Lavant ki dwe fèt deyò yo dwe adere a distans sosyal estrik sis pye ant kliyan ak anplwaye yo. Pa pèmèt kliyan yo pase twòp tan tou pre gichè oswa tab plant yo.
- Konsidere lòt apwòch yo pou fasilite lavant dirèk pwodwi òtikilti yo pou ede redwi dansite kliyan yo ak jesyon lajan oswa lòt deviz yo. Opsyon altènatif yo ka gen pami yo plase kòmand sou entènèt, oswa lòt solisyon acha kreyatif, ak kote pou moun pase pran atik yo nan espas pakin tèren endistriyèl/pepinyè yo.
- Netwaye epi dezenfekte souvan sifas ak lòt pwen kontak moun manyen souvan yo, ki enkli manch pòt yo ak mchinn ki nan espas lavant yo, espas komen nan batiman yo, ak ekipman plizyè moun itilize yo.
- Dezenfektan pou men yo, ki gen omwen 60% alkòl, ta dwe disponib pou kliyan yo.
- Nenpòt moun ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo lè yo nan yon espas piblik konfòmman a Dekrè

Egzekitif 202.17 ak 202.18. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib nan [Enstwiksyon Pwovizwa nan Dekrè Egzekitif 202.17 ak 202.18](#).

- Konpayi travay yo dwe bay travayè esansyèl yo mask gratis pou yo mete lè yo ap fè entèraksyon ak popilasyon an konfòmman a Dekrè Egzekitif 202.16. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib nan [Enstwiksyon Pwovizwa nan Dekrè Egzekitif 202.16](#).

Operasyon Peyizaj yo

Nan kad enstwiksyon sa a, aktivite peyizaj yo konsiste an swen ak plantasyon zèb, gazon, plant, bwison ak pye bwa ak aktivite pou mete angrè, koupe, epi retire pwodwi sa yo nan objektif pou ka evite maladi, pou sekirite ak sante piblik. Transpò ekipman ak materyèl yo nesèsè pou ranpli nenpòt nan fonksyon ki anlè yo ak irigasyon pou kenbe sante plant yo posib.

Pwosedri Fonksyonman yo Egziye yo

- Lavant ak prezantasyon materyèl yo dwe fèt deyò.
- Yo dwe kenbe distans sosyal estrik sis pye a.
- Enstalasyon yo ka fèt sou randevou sèlman ak entèraksyon minim ak kliyan yo.
- Netwaye epi dezenfekte kamyon, veyikil, ak ekipman yo apre chak itilizasyon.
 - Nenpòt moun ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo lè yo nan yon espas piblik konfòmman a Dekrè Egzekitif 202.17 ak 202.18.
- Konpayi travay yo dwe bay travayè esansyèl yo mask gratis pou yo mete lè yo ap fè entèraksyon ak popilasyon an konfòmman a Dekrè Egzekitif 202.16.

Tout biznis yo dwe:

Poste [afichaj](#) "Stop the Spread (Sispann Pwopagasyon an)" (gen lang altènatif ki disponib pou [afichaj](#) la ki disponib tou) epi swiv pwotokòl pou lave men/fè ijyèn yo:

- Ou dwe lave men w regilyèman avèk dlo ak savon pandan omwen 20 segonn:
 - Anvan ak apre ou manje.
 - Lè ou sot etènye, touse, oswa mouche nen ou.
 - Apre ou sot nan twalèt.
 - Anvan ou manyen manje.
 - Apre ou fin manyen oswa netwaye sifas ki ta ka kontamine yo, tankou figi, cheve, telefòn, oswa rad yo.
 - Lè w fin sèvi avèk ekipman ak founiti plizyè moun itilize.
- Kouvri figi w lè w'ap touse ak etènye avèk mouchwa papye oswa avèk kwen koud ou.
- Si pa gen savon ak dlo ki disponib, itilize yon dezenfektan ki a baz alkòl yo ki gen omwen 60% alkòl ladan.
- Jete mouchwa ki sal yo imedyatman apre ou fin itilize yo nan yon poubèl fatra.

Pou kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl, vizite lyen ki anba la yo:

Depatman Agrikilti ak Mache yo (Department of Agriculture and Markets) nan Eta New York: <https://agriculture.ny.gov/coronavirus>

Depatman Sante Eta New York la: <https://coronavirus.health.ny.gov/home>